

BAB V

KACINDEKKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekkan

Dumasar kana pedaran analisis data dina bab opat, ngeunaan Kualitas Soal Basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung Seméster Ganjil Taun Ajar 2010/2011, bisa dicindekkeun yén hasilna nya éta: *kahiji*, Validitas eusi soal nu dianalisis dumasar kana tilu aspek nya éta kasaluyuan soal jeung Kompetensi Dasar, indikator sarta matéri pokona. Hiji soal disebut valid lamun pangsaetikna saluyu jeung dua aspek anu diukur éta. Sabada dianalisis écés pisan yén soal UTS basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung seméster ganjil taun ajar 2010/2011, geus nyumponan sarat validitas eusi, lantaran soal UTS kelas VII 65% soalna geus valid, soal UTS kelas VIII 95% soalna geus valid, sarta soal UTS kelas IX ogé sakabéh soalna geus valid (100% valid). Kitu ogé jeung soal UAS di SMP Negeri 45 Bandung seméster ganjil taun ajar 2010/2011 geus nyumponan sarat validitas eusi lantaran soal UAS kelas VII 92,5% soalna geus valid, soal UAS kelas VIII 77,5% soalna geus valid, sarta soal UAS kelas IX 87,5% soalna geus valid. Hal ieu dirojong ogé ku soal ései UAS anu geus valid atawa miboga validitas eusi. soal ései kelas VII 80% soalna geus valid, kelas VIII jeung kelas IX sakabéh soalna geus valid (100% valid).

Salian ti dianalisis validitas eusina, soal UTS jeung UAS basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung ogé dianalisis validitas item soalna anu hasilna, nya éta soal UTS kelas VII 60% soalna teu valid, soal UTS kelas VIII 80% soalna teu

valid, jeung soal UTS kelas IX 75% soalna teu valid. Jadi soal UTS Basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung validitasna handap. Sedengkeun soal UAS basa Sunda kelas VII 82,5% soalna teu valid, soal UAS kelas VIII 80% soalna teu valid, jeung soal UAS kelas IX 82,5% soalna teu valid. Jadi soal UAS Basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung validitasna handap. Salian ti éta soal ései UAS basa Sunda kelas VII 60% soalna valid, soal UAS kelas VIII 60% soalna valid, jeung soal UAS kelas IX 100% soalna valid. Jadi soal ései UAS Basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung validitasna cukup.

Kadua, tingkat réliabilitas soal UTS basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung kaasup handap. Ieu hal dumasar kana hasil ngitung jeung analisis ngagunakeun téknik belah dua, anu nuduhkeun yén soal basa Sunda kelas VII tingkat réliabilitasna handap (0,342), kelas VIII tingkat réliabilitasna handap pisan (0,101), sarta tingkat réliabilitas soal UTS kelas IX geus cukup (0,497). Sedengkeun réliabilitas soal UAS kaasup kana tingkat luhur, lantaran dumasar kana hasil ngitung jeung analisis nuduhkeun yén tingkat réliabilitas soal UAS kelas VII handap pisan (0,010), kelas VIII luhur (0,609), jeung kelas IX luhur (0,616). Salian ti éta réliabilitas soal ései UAS anu diitung ngagunakeun rumus *Alpha Cronbach* nuduhkeun hasil yén soal UAS ései tingkat réliabilitasna cukup. Ieu hal dumasar kana hasil ngitung jeung analisis soal ései UAS anu hasilna nya éta soal ései UAS kelas VII tingkat réliabilitasna cukup (0,488), kelas VIII tingkat réliabilitasna handap (0,254), jeung kelas IX tingkat réliabilitasna cukup (0,505).

Katilu, tingkat hésé babari soal UTS basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung kaasup handap, lantaran proporsi antara soal hésé, sedeng, jeung

babarina teu normal atawa teu rata. Hasil ngitung jeung analisis ngeunaan tingkat hésé babari soal UTS kelas VII anu kaasup hésé aya 5%, anu sedeng aya 40% jeung soal anu babari aya 55%. Soal UTS kelas VIII anu kaasup hésé aya 15%, anu sedeng aya 45%, jeung soal anu babari aya 40%. Sarta soal UTS kelas IX anu hésé aya 0%, anu sedeng 30%, jeung soal anu babari aya 70%. Tina hasil ngitung éta, katitén yén leuwih loba soal anu babari ti batan soal sedeng jeung soal héséna, komo soal anu héséna mah saeutik pisan malah mah teu aya. Ieu hal nuduhkeun yén soal UTS di SMP Negeri 45 Bandung teu bisa ngukur kamampuh antara siswa anu pinter jeung siswa anu kurang pinter. Sedengkeun tingkat hésé babari soal UAS ogé handap, lantaran proporsi soal hésé, sedeng, jeung bantarina ogé teu normal atawa teu rata.

Hasil ngitung jeung analisis tingkat hésé babari soal UAS nya éta soal UAS kelas VII anu hésé aya 17,5%, soal anu sedeng aya 55%, jeung soal anu babari aya 27,5%. Soal UAS kelas VIII anu hésé aya 10%, soal anu sedeng aya 45%, jeung soal anu babari 45%. Soal UAS kelas IX anu hésé aya 0%, soal anu sedeng 35%, jeung soal anu babari 65%. Saperti soal UTS, soal UAS ogé leuwih loba soal anu bantarina tibatan soal anu sedeng jeung soal nu héséna. Malah soal UTS jeung UAS kelas IX mah teu aya soal anu héséna. Tingkat hésé babari soal ésséi UAS basa Sunda di SMP Negeri 45 kaasup handap lantaran dina soal ésséi UAS kelas VII teu aya soal anu héséna, kitu ogé dina soal ésséi UAS kelas VIII soal anu héséna teu aya. Komo dina soal ésséi UAS kelas IX mah sakabéh soalna kaasup soal anu sedeng, teu aya soal anu hésé atawa bantarina.

Kaopat, tingkat daya pangbéda soal UTS basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung kaasup alus. Ieu hal dumasar kana hasil ngitung jeung analisis anu hasilna, soal UTS kelas VII tingkat daya pangbédana alus lantaran 65% soalna bisa ngabédakeun siswa anu pinter jeung siswa anu kurang pinter, soal UTS kelas VIII ogé alus lantaran 55% soalna miboga daya pangbéda, kitu ogé soal UTS kelas IX tingkat daya pangbédana alus lantaran 60% soalna miboga miboga daya pangbéda.

Kitu ogé jeung tingkat daya pangbéda soal UAS basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung kaasup alus. Sanajan soal UAS kelas VII tingkat daya pangbédana handap atawa, goréng lantaran 52,5% soalna teu bisa ngabédakeun antara siswa anu pinter jeung siswa anu kurang pinter. Tapi tingkat daya pangbéda soal kelas VIII jeung kelas IX kaasup alus, lantaran soal UAS kelas VIII 60% soalna miboga daya pangéda jeung soal UAS kelas IX ogé 60% soalna miboga daya pangéda. Salian ti éta soal ései UAS ogé tingkat daya pangbédana alus lantaran sakabéh soal ései UAS ti mimiti kelas VII nepi ka kelas IX tingkat daya pangbédana alus. Soal ései UAS kelas VII 80% soalna miboga daya pangbéda, soal UAS kelas VIII 60% soal miboga daya pangbéda, sarta soal ései UAS kelas IX sakabéh soalna atawa 100% miboga daya pangbéda.

Ku kituna, dumasar kana hasil analisis ngeunaan kualitas soal UTS jeung UAS di SMP Negeri 45 Bandung bisa dicindekkeun yén “Kualitas Soal Basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung Seméster Ganjil Taun Ajar 2010/2011” téh kualitasna CUKUP.

5.2 Rékoméndasi

Sanggeus dilaksanakeuna panalungtikan ngeunaan kualitas soal basa Sunda, anu judulna “Kualitas Soal Basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung Seméster Ganjil Taun Ajar 2010/2011”, aya sababaraha hal anu baris ditepikeun sangkan ieu panalungtikan bisa leuwih miboga mangpaat pikeun ngaronjatkeun kualitas instrumén soal, di antarana:

- 1) Pikeun panalungtikan anu saterusna, dipiharep sangkan anu ditalungtik teu ngan saukur soal UTS jeung UAS hungkul, tapi ogé soal Ulangan Harian;
- 2) Dina nyieun soal UTS jeung UAS, guru kudu merhatikeun kasaluyuan soal jeung SKKD, indikator jeung matéri pokona;
- 3) Proporsi atawa *sebaran* soal hésé, sedeng, jeung babari kudu rata atawa normal, ieu hal miboga mangpaat pikeun mikanyaho kamampuh siswa anu pinter jeung anu kurang pinter;
- 4) Guru dipiharep salawasna nganalisis item soal sabada ngalaksanakeun ulangan sarta nyieun bank soal, ieu hal perlu dilaksanakeun pikeun milihan soal anu bisa disimpen di bank soal sangkan bisa dipaké deui dina ulangan taun ajar saterusna. Soal-soal anu disimpen dina bank soal éta mangrupa hasil analisis anu geus alus kualitasna, lantaran geus nyumponan uji kualitas. Guru bisa ngagunakeun soal-soal éta saluyu jeung kaperluanana sangkan bisa ngukur kamampuh siswa kalawan *tepat* jeung *akurat*. Mangpaatna pasti karasa ku guruna sorangan, lantaran dina nyusun instrumén soal anu saterusna bakal leuwih babari jeung miboga kualitas anu hadé.